| | |
|---|---|
| **ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ВАЗИРЛАР КЕНГАШИНИНГ ҚАРОРИ** | **ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ ҚАРАРЫ** |
| Нукус шаҳри | Нөкис қаласы |

№ 156 «24» апрель 2019 ж.й

**Қарақалпақстан Республикасын 2018-жылда социаллық-экономикалық раўажландырыўдың жуўмақлары ҳәм 2019-жылға мөлшерленген экономикалық бағдарламаның ең әхмийетли жөнелислери ҳаққында**

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2019-жыл 27-марттағы «Қарақалпақстан Республикасын 2018-жылда социаллық-экономикалық раўажландырыўдың жуўмақлары ҳәм 2019-жылға мөлшерленген экономикалық бағдарламаның ең әхмийетли жөнелислери ҳаққындағы Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң есабаты туўралы» 244/XXV-санлы қарарын орынлаў мақсетинде Министрлер Кеңеси **қарар етеди:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2019-жыл 27-марттағы «Қарақалпақстан Республикасын 2018-жылда социаллық-экономикалық раўажландырыўдың жуўмақлары ҳәм 2019-жылға мөлшерленген экономикалық бағдарламаның ең әхмийетли жөнелислери ҳаққындағы Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң есабаты туўралы» 244/XXV-санлы қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң усы қарары менен:

а) Қарақалпақстан Республикасын 2019-жылда социаллық-экономикалық раўажландырыў бағдарламасының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде ең әхмийетли ўазыйпалары төмендегише:

-«Жедел инвестициялар ҳәм социаллық раўажланыў жылы» мәмлекетлик бағдарламасы тийкарында санаат, аўыл хожалығы ҳәм хызмет көрсетиў тараўларында инвестициялық жойбарларды әмелге асырыў арқалы жедел экономикалық раўажландырыў, инвестициялық сиясатты буннан былайда жеделлестириў тийкарында исбилерменликти ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў;

-алып барылып атырған қатнасықлар арқалы сырт ел мәмлекетлеринен туўрыдан-туўры инвестицияларды елимизге алып кириў ҳәм қолай инвестиция шәраятын жаратыў бағдарында кескин илажларды әмелге асырыў;

-аймақлардың социаллық-экономикалық потенциалының турақлы өсиўи ҳәм халықтың турмыс дәрежесин асырыўға көмеклесиўши жойбарларды қоллап- қуўатлаў ҳәм оларды раўажландырыў ушын зәрүр шәраятлар жаратыў;



-халықты социаллық қорғаў ҳәм пуқаралардың ден-саўлығын және де жақсылаў бойынша комплекс илажларды әмелге асырыў, халықтың бәнтлигин тәмийинлеў ҳәм пукаралардың дәраматларын асырыў, социаллық үй-жайлар қурылысын кеңейтириў, халықтың социаллық жәрдемге мүтәж қатламын ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў;

-экономикалық ҳәм социаллық тараўды кеңнен раўажландырыў, аймақлардың макроэкономикалық көрсеткишлери турақлылығын тәмийинлеў, киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликти раўажландырыўды қоллап-қуўатлаў, олардың ҳуқықларын қорғаў ҳәм еркинликлеринин кепилликлерин тәмийинлеў, жаңа кәрханалар, соның ишинде киши ҳәм жеке исбилерменлик бағдарында кәрханалар шөлкемлестириў;

-ислеп шығарылатуғын өнимлер түрлерин ҳәм жергиликли санаат өнимлерин ислеп шығарыўды кеңейтириў есабынан аймақлардың экспорт потенциалын асырыў;

-аўыл хожалығы тараўындағы реформаларды және де тереңлестириў, көп тармақлы фермер хожалықларын финанслық жақтан қоллап-қуўатлаў, усы тараўды индустрияласқан тармаққа айландырыў мақсетинде аўыл хожалығындағы барлық түрдеги онимлерди қайта ислеўди шөлкемлестириў;

-қурылыс, абаданластырыў, жол-транспорт, инженерлик-коммуникация ҳәм социаллық инфраструктураны және де раўажландырыў есабынан халыққа сапалы хызметлер көрсетиўди жолға қойыў;

-жаңа жумыс орынларын жаратыў ҳәм халықтың түрли қатламлары бәнтлиги мәселелерин шешиў есабынан инсан мәплерин тәмийинлеў, әсиресе аўыллық жерлерде халықтың жасаў дәрежесин асырыў, және де абат турмыс кешириўи ушын беккем шәраятлар жаратыў, аналық ҳәм балалықты қорғаў, руўхый-ағартыўшылық жумыслары ҳәм жаслар сиясаты мәселелерин избе-из шешиў илажларын көриў;

-билимлендириў процессин ҳәм оқыў-тәрбия жумысларын жетилистириў, заманагөй оқыў қолланбалары менен мәлимлеме-ресурс орайларын толықтырыў, сондай-ақ, колледж питкериўшилерин ийелеген қәнигеликлери бойынша жумысқа жайластырыўдың нәтийжелилигин асырыў бойынша ең әхмийетли ўазыйпалары белгиленгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарлары (Б.Хабибуллаев, М.Жуманов), Қарақалпақстан Республикасы Инвестициялар ҳәм сырткы саўда министрлиги (В.Жоллыбеков) Экономика ҳәм санаат министрлиги (Е.Еденбаев), Нөкис қаласы ҳәмде районлар ҳәкимликлери менен биргеликте:

«Жедел инвестициялар ҳәм социаллық раўажланыў жылы» мәмлекетлик бағдарламасы тийкарында санаат, аўыл хожалығы ҳәм хызмет көрсетиў тараўларында инвестициялық жойбарларды әмелге асырыў арқалы жедел

экономикалық раўажландырыў, инвестициялық сиясатты буннан былайда жеделлестириў тийкарында исбилерменликти хәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў;

алып барылып атырған қатнасықлар арқалы сырт ел мәмлекетлеринен туўрыдан-туўры инвестицияларды елимизге алып кириў хәм қолай инвестиция шәраятын жаратыў бағдарында кескин илажларды әмелге асырыў;

аймақлардың социаллық-экономикалық потенциалын турақлы өсиўи хәм халықтың турмыс дәрежесин асырыўға көмеклесиўши жойбарларды қоллап-қуўатлаў хәм оларды раўажландырыў ушын зәрүр илажларды көрсин.

4. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары (М.Жуманов), Бәнтлик хәм мийнет қатнасықлары министрлиги (У.Сабуров), Ден саўлықты сақлаў министрлиги (Д.Ходжиев), Жаслар аўқамы Қарақалпақстан Республикасы кеңеси (А.Данияров), Нөкис қаласы хәмде районлар хәкимликлери менен биргеликте:

- халықты социаллық қорғаў хәм пуқаралардың денсаўлығын және де жақсылаў бойынша комплекс илажларды әмелге асырыў, халықтың бәнтлигин тәмийинлеў хәм пуқаралардың дәраматларын асырыў, социаллық үй-жайлар қурылысын кеңейтириў, халықтың социаллық жәрдемге мүтәж қатламын хәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў;

- жаңа жумыс орынларын жаратыў хәм халықтың түрли қатламлары бәнтлиги мәселелерин шешиў есабынан инсан мәплерин тәмийинлеў, әсиресе аўыллық жерлерде халықтың жасаў дәрежесин асырыў, және де абат турмыс кешириўи ушын беккем шәраятлар жаратыў, аналық хәм балалықты қорғаў, руўхый-ағартыўшылық жумыслары хәм жаслар сиясаты мәселелерин избе-из шешиў илажларын көриў;

- Қарақалпақстан Республикасы кәсиплик билимлендириў басқармасы (Қ.Қанглибеков) билимлендириў процессин хәм оқыў-тәрбия жумысларын жетилистириў, заманагөй оқыў қолланбалары менен мәлимлеме-ресурс орайларын толықтырыў, сондай-ақ, колледж питкериўшилерин ийелеген кәнигеликлери бойынша жумысқа жайластырыў илажларын көрсин.

5. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының биринши орынбасары (А.Тажетдинов), Экономика хәм санаат министрлиги (Е.Еденбаев), Статистика басқармасы (А.Жолдасов), Өзбекстан Саўда-санаат палатасы Қарақалпақстан Республикасы басқармасы (А.Ибрагимов), Нөкис қаласы хәмде районлар хәкимликлери менен биргеликте:

- экономикалық хәм социаллық тараўды кеңнен раўажландырыў, аймақлардың макроэкономикалық көрсеткишлери турақлылығын тәмийинлеў, киши бизнес хәм жеке исбилерменликти раўажландырыўды қоллап-қуўатлаў, олардың ҳуқықларын қорғаў хәм еркинликлериниң кепилликлерин тәмийинлеў, жаңа кәрханалар, соның ишинде киши хәм жеке исбилерменлик бағдарында кәрханалар шөлкемлестириў;



- ислеп шығарылатуғын өнимлер түрлерин хәм жергиликли санаат өнимлерин ислеп шығарыўды кеңейтириў есабынан аймақлардың экспорт потенциалын асырыў бойынша тийисли илажлар көрсин.

6. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары (С.Хожаметов), Аўыл хожалығы министрлиги (И.Юнусов) аўыл хожалығы тараўындағы реформаларды және де тереңлестириў, көп тармақлы фермер хожалықларын финанслық қоллап-қуўатлаў, усы тараўды индустрияласқан тармаққа айландырыў мақсетинде аўыл хожалығындағы барлық түрдеги өнимлерди қайта ислеўди шөлкемлестирсин.

7. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары (Ж.Ембергенов), Қарақалпақстан Республикасы Қурылыс министрлиги (Ж.Бердиханов), Транспорт министрлиги (А.Бердиев) Экономика хәм санаат министрлиги (Е.Еденбаев), Үй-жай коммунал хызмет көрсетиў министрлиги (Р.Сейтов), Нөкис қаласы хәмде районлар хәкимликлери менен биргеликте қурылыс, абаданластырыў, жол-транспорт, инженерлик-коммуникация хәм социаллық инфраструктураны және де раўажландырыў есабынан халыққа сапалы хызметлер көрсетиўди жақсылаў бойынша зәрүр илажларды көрсин.

8. Усы қарардың орынланыўын қадағалаўды Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарларына *(А.Тажетдинов, Ж.Казбеков, Б.Хабибуллаев, М.Жуманов, Ж.Ембергенов, С.Хожаметов)* жүкленсин.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесиниң Баслығы** **Қ.Сариев**